Дыгъэгъаззм и 12-р Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№239 (23.397) ● 2016 гъэм дыгъэгъаззм (декабрым) и 10, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Абы дегъэпІейтей

Іулъхьэм зэрыпэщІэтынур ягъэбелджылы

КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэншагъэмкІэ и советымрэ Хабзэм емыбжъхъуэныр къызэрэпэщыныкІэ зэпымыууэ лажьэ зэІущІэм хэтхэмрэ я зи чэзу зэхуэс республикэм и Правительствэм дыгъэгъаззм и 7-м щекІуэкІащ. Ар къызэІуихащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

ЗЭІУЩІЭМ къыщыпсэльащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхухэмкіэ и министр **Емуз Нинэ**, КЪБР-м и МВД-м и министрым и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Мамхэгъ Назир**, УФ-м и Следственнэ управленэм КЪБР-м щиІэ къудамэм и унафэщым и къуэдзэ **Танифа Виктор**, КЪБР-м и прокурор **Жариков Олег** сымэ. КъишцынэмыщІауэ, абы хэтащ КЪБР-м и къэрал инспектор нэхъыщхьэ Канунников Владимир, КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІ **Мусуков Алий**, хабзэхъумэ Іэхуэщ1аІэхэм я унафэщІхэр, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэр, щыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

КьрихьэлІахэм захуигъаззу, КІуэкІуэм къыхигъэщащ Іулъхьэм пэщІэтыныкІэ ди щыналъэм щрагъэкІуэкІ Іэхуэгъуэхэр иратегъэфІэкІуэну зэрыхуущІэкъур, ауэ уэзлэжьын хуей куэди мыбы теухуауэ зэрыщыІэр:

- БлэкІа мази 9-м къриубыдэу Іулъхьэм епха щІэнхъаджагъэ 1059-рэ къыщІагъэщащ, хабзэм зэребэкъуам гу лърагъэжу, ар ягъэзэкІуэжьну хуагъэуву дэфтэри 125-рэ Іэхуэщ1аІэ зэмылІэужьыгъуэхэм ирагъэхьащ, цІыху 252-м тезыр трелъхьащ. БлэкІа илъэсхэм елъытауэ, ар ехьулІэныгъэу жыпІэ хъунущ, ауэ ди къарум къызэрихькІэ дылажьэу схужыІэнукъым, - къыхигъэщащ КІуэкІуэм.

Адэкіэ псалъэ иратащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхуэхэмкіэ и министр Емуз Нинэ. Ар тепсэльыхьащ 2016 гъэм кьрибыдэу информационнэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІам, муниципальнэ программэхэр зэрагъэзэщІам, щІыпІэ администрацэхэм а Іэхуэхэмкіэ жуап зыхь унафэщІхэр зэрыщыхахам, ахэр псори зэрыщІэн папщІэ, электрон зэпыщІэныгъэхэр зэраухуам. Министрым къыхигъэщащ Іулъхьэ зэІэпыхьыным пэщІэту КЪБР-м щылажьэ жыпІагъуэ зэгуэныгъэхэм я зэфІэкІыр, коррупцэм теухуауэ ирагъэкІуэкІа щІэупщІэныгъэхэм къагъэлъэгъуар:

(КІэухыр 2-нэ нап.).

КІуэкІуэ Юрий хуэзащ ЦІыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкІэ УФ-м и Президентым и деж щыІэ Урысей академием и Кавказ Ищхъэрэ къудамэм - институтым и унафэщІ Лъыс Аэзмэт

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий ЦІыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкІэ УФ-м и Президентым и деж щыІэ Урысей академием и Кавказ Ищхъэрэ къудамэм - институтым и унафэщІ Лъыс Аэзмэт хуэзащ.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэльыхьащ егъэджэныгъэмкІэ программэхэр гъэзэщІэным, унафэщІ кадрхэр гъэхъэзырырыныр абыхэм я щІэныгъэм хэгъэхъэзынымрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэрал, муниципальнэ къулыкъущІэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ еджапІэ нэхъыщхьэм зэрыдалажьэм зегъэубгъуным пыщІа Іэхуэхэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуущ1аІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм спорт Іуэхуущ1аІэхэм я щытыкІэр къепщытэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Налшык дэт сабий спорт Іуэхуущ1аІэ зыбжанэ къыдэхэкІухьащ икІи абыхэм я щытыкІэм еплъащ.

СПОРТ Іуэхуущ1аІэхэм ящыщу тІур Байсултановым и уэрамым тет псэупІэ унэхэм я подвалхэм щолажьэ илъес 12-м щІигъуауэ. Абыхэм я щытыкІэр санитар-эпидемиологие мардэхэм къытІасэркъым: щхьэгъубжэхэр хэудащ, блынхэр псыІэщ, гъэтащ, ущыбэуэну гуГъущ. Сабийхэр щызэкІэльыплъыж щІыпІэхэр фІейщ, зэкІэльымыкІуэщ.

Апхуэдэ щытыкІэм, жиІащ КІуэкІуэ Юрий, дэ къытхуегъэув зэкІэльымыкІуагъэхэм я щхьэусыгъуэхэр икІэщыпІэкІэ зэпкърыгъэ икІи мы Іэнатіэм егъэбыдыпІа къулыкъущІэхэм унафэ пыухьикІа яхуэтщІыну.

А махуэ дыдэм КІуэкІуэ Юрий иригъэкІуэкІащ Правительствэм, Спортымкіэ министерствэм, КЪБР-м и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм, Налшык къалэ округым я унафэщІхэр зыхэта зэІущІэ. Абы унафэ ищІащ республикэм щыІэ спорт Іуэхуущ1аІэ псори щІапщытыкІыну икІи сабий-ныбжьыщІэ спортым зегъэужьынымкІэ зыхуей Іэмалхэр къызэрагъэпэщыну. ЗэІущІэм къыщыхагъэщхьэхуКІащ щэхуакІуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ цІыхухэм зэІуэпэщ псэукІэ яІэнымрэ я Іэнатіэм щыкІэлъыплъыныкІэ федеральнэ къулыкъущ1аІэхэм и Іэнатіэ; республикэм щыІэм и къалэнхэр нэгъэсэуэ зэримыгъэзащІэр, абы зыхуэфащэ Іэнатіэхэм я реестрыр тэмэму зэримытхыр.

КЪБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий хуагъэуващ къэралым къиутІыпщахъшэр КЪБР-м Спортымкіэ и министерствэм зыкъзэригъэсэбэпым теухуа къэпщытэныгъэ къызэригъэпэщыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуущ1аІэ.

КІуэкІуэ Юрий яхуэзащ «Бзу щІыху» урысейпсо зэпеуэм хэтахэм

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм щахуэзащ урысейпсо телевидениэм къызэригъэпэща «Бзу щІыху» сабий зэпеуэмрэ Кавказ Ищхъэрэм и студентхэм я щІыналъэ фестивалымрэ хэтахэм.

Абазэ Маратрэ Джаппуевэ Лейлэрэ.

ИЛЪЭС пщыкІуэ зи ныбжьхэу Нартан щыщ Абазэ Маратрэ Жанхъуэтекъуэ щыщ Джаппуевэ Лейлэрэ я Іэзагъыр псоми телъыджэ къащыхъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ школакІуэхэм я зэфІэкІым къэралым и цІыху мелуанхэр дихьэхауэ кІэлъыплъащ.

«Фи дэтхэнэ зы лъэбакъуэри, дэтхэнэ зы псалъэри тэмэму гъэпсат икІи фэ фщІыгъуу пІейтейуэ республикэр къыфкІэлъыплъащ. Фэ зэфІэкІ нэс къэвгъэлъэгъуащ. Абы папщІэ адэ-анэхэри, гъэсакІуэхэри, егъэджакІуэхэри я гур етауэ къывдэлэжьащ. Дэ фи зэфІэкІым дрогушхэу икІи сытым дежи зыфщІэдгъэкъуну дыхьэзыпІ»,- жиІащ щыналъэм и Іэтащхьэм.

ЦІыкІуэр я мурадхэм тепсэльыхьащ, актёр, къэфакІуэ Іэщ1агъэхэм хуеджэну ягу зэрилъыр жаІащ.

Кавказ Ищхъэрэм и студентхэм гъэ къэс ирагъэкІуэкІ фестивалым хуабжьу екІуу хэтащ икІи япэ увыпІэр къыщихьащ Тхьэмокъуэ Миланэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэр зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ ехьулІэныгъэщІэхэр къахьыну, творчествэми еджэнми къаруушхуэ адэкІи ирахьэлІэну екъуэхъуащ.

ЗэІущІэм и кІэухым абы хэтахэм илъэсыщІэ тыгъэхэр иратащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуущ1аІэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр Мамбэт М. Хь. фІэщыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Макъамэ гъуэзджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр фІэщым **Мамбэт Мадинэ Хьэсэнбий и пхъум** - «Къэрал Музыкэ театр» щэнхабзэмкІэ къэрал кІэзонэ Іэхуущ1аІэм и уэрэджыІакІуэ пажэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ,
2016 гъэм дыгъэгъаззм и 9-м
№154-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр Сэкрэк В. Хьу. етыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хьуауэ хьэлэлу зэрылажьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм законодательствэр щегъэфІэкІуэныкъэ парламентаризмэм зыщегъэужьыныкъэ хуиущІа хэлъхьэныгъэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Сэкрэк Владимир Хьусен и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым, «СВВК «Русский продукт» зи жэуапльныгъэр зэхэгъэщхьэхукІа зэгуэхэныгъэм и коммерческэ унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ,
2016 гъэм дыгъэгъаззм и 9-м
№155-УГ

● Махуэшхуэхэр

Хабзэ нэхъыщхьэ

Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэр илъэс къэс дыгъэгъаззм и 12-м ягъэлъапІэ. 1993 гъэм а махуэм щыхуэзащ Іэ1эткІэ къаштауэ щытащ Урысей Федерацэм и Хабзэ нэхъыщхьэр. Аращ нобэ ди къэралым къыдигъэкІ законхэм лъабжьэ яхуэхъури.

КОНСТИТУЦЭР къызэращтэрэ зэхъуэкІыныгъэ зыбжанэ халъхьащ. Абыхэм ящыщщ УФ-м и Президентыр илъэсих пІалъэкІэ зэрыхахыр (нэхъапІэм илъэси 4-у щытащ), Къэрал Думэм хаххэр илъэситхукІэ зэрылажьэр (ари илъэси 4-у щытащ).

Конституцэр демократие ухуэкІэ зиІэ къэралыгъуэм и щІэгъэкъуэн лъэщщ. Дэтхэнэ щІыхуми ищІапхъэщ абы кърит хуитыныгъэхэмрэ пщэрылъ къыщищІэхэмрэ.

Илъэси 10-м щІигъуКІэ дыгъэгъаззм и 12-р зыгъэпсэхуГуэ махуэу щытащ. Ауэ 2004 гъэм Къэрал Думэм Лэжьыгъэ кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьащ, ар лэжьэгъуэ махуэу къэлъытэным теухуауэ. Абы ємылъытауэ, дыгъэгъаззм и 12-м ди хэкум и дэнэ щІыпІи гуфІэгъуэ зэхьихьэкІэ, «стІол хъурейхэр», конференцхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, пэкІухэр щокІуэкІ, къэралым и хабзэ нэхъыщхьэр ягъэлъапІэу.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ социальнэ политикэм ехьэлІа законхэр зыгъэхьэзырхэм я совету УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и деж щыэм и комиссэм и зэІущІэм хэтащ

ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ комиссэм и унафэщІ, Калининград областым и Думэм и Іэтащхьэ Оргеевэ Маринэ. Абы хиубыдэу комиссэр 2016 гъэм зэрылажьэр къапщытэжащ икІи 2017 гъэм зэфІагъэкІыну Іуэхухэр яубзыхуащ.

ДЕПУТАТХЭР тепсэлъыхьащ зыпІэн зэрамыІэжьым кьыхэкІыу социальнэ пенсэхэр зыхуагъэув щыхуэр нэхъыбэ щыныным, апхуэдэу «Урысей Федерацэм фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховранэр къызэрыщызэрагъэпэщым и Іуэхуитхэм я уасэхэм теухуауэ халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм.

- Комиссэм хэтхэм къызэралъытамкІэ, ищхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуа законопроектхэр къызэращтэнум еужьэрэкІыпхъэщ. Псом хуэмыдэу нэхъ хэхауэ тепсэлъыхьащ фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховранэм и Іуэхум,-жиІащ Егоровэ Татьянэ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхуущ1аІэ.

Унафэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ

● КЪБР-м и Правительствэм

КЪБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэІущІэ зэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ абы и Унафэщ1 Мусуков Алий.

ЗэІущІэм щыхэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм епха Іуэхугъуэхэм - узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, ухуэныгъэм, ЖКХ-м теухуа программэхэр гъэзэщІэным.

Апхуэдэу зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэзгъэр зыхуей хуэгъэзэным хухах мылъкур зэрызрагъэІумрэ къызэрагъэсэбэпымрэ. А дэфтэрым ипкъ иткІэ, КЪБР-м Гъэзгу хозяйствамкІэ и управленэми хуэдэу, КЪБР-м Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым хуитыныгъэ иІэщ щыналъэм и гъэзгухэм къыщыхъуэхэр итхыу гъэзгу Іуфэхэм тет техникэр тегъэувэным трагъэкІуадэ федеральнэ ахъшэм щыщ къигъэсэбэпыну.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым пщэрылъ зэращищІам тету «2013 - 2020 гъэхэм КЪБР-м и цІыхухэр ЖКХ-м и ІуэхутхьэбзэхэмкІэ къызэгъэпэщыным и Іуэхукіэ» къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ. Абы къегъэув унэ зэтетхэм гидрант кІуапІэ щІэтын хуейуэ, мафІэс къэхъумэ, псыр кърашын хуэдэу.

Жылапхъэ, кІэртІофэ, хадэхэкІ зыгъэкІхэм субсидие зэрырат хабзэхэми хэпльэжащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ «2010 - 2020 гъэхэм КЪБР-м и цІыхухэр щІыуэпсым и къэхъукъащІэ шынагъуэхэм щыхъумэным и Іуэхукіэ» къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьари. Ахэр хуэунэтІащ, шынагъуэ къэмыхъунум теухуауэ ящІэнымрэ цІыхухэр захъуэмэжыным хуэгъэхьэзырынымрэ.

Къулыкъущ1аІэхэм я зэдай «Шынагъуэншэ къалэ» АПК-р ухуэным, егъэжьэным, зегъэужьыным теухуауэ лэжьэну гупым хэтыну-хэр хахащ.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министр Емуз Нинэ тепсэлъыхьащ лэжьакІуэ ныбжьыщІэхэр щагъэхьэзыр «WorldSkills» зэпеуэр КЪБР-м зэрыщекІуэкІынур зи нэІэ щІэтыну комитет къызэрызэрагъэпэщам.

ФЫРЭ Анфисэ.

Журналистхэр Псыхуабэ щызочэнджэщ

● Зэхыхьэхэр

Кавказ Ищхъэрэм щылажьэ Хъыбарегъащ1э Іуэхуущ1аІэхэм я еплІанэ зэхыхьэр мы махуэхэм Псыхуабэ щокІуэкІ. Абы хэтщ КИФЩІ-м и журналист нэхъ пажэхэр, къэрал къулыкъущ1аІэхэм я лІыкІуэхэр, федеральнэ Іэщ1агъэлІхэр.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щІыналъэм щыІэм и къуэдзэ Ведерников Михаил зэІущІэр къыщызэІуихым жиІащ, форумым и къалэн нэхъыщхьэу нэхъапэм щытар журналистхэр зэрыгъэцІыхуныр арамэ, иджы хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмрэ къэрал унафэщІхэмрэ зэдэлэжьэныр къызэгъэпэщыным хуэунэтІауэ зэрыщытыр.

- Псыхуабэ щекІуэкІ зэхыхьэр зэрырагъажьэрэ блэкІа илъэс зыбжанэм мы зэхуэсыпІэр журналистхэр щызэпсалъэ утыку лъэщ хуащ, - жиІащ Ведерниковым. Абы гу лъитащ мы гъэм зэхуэзахэр хэхауэ зым темыпсэлъыхьу, Іуэхугъуэ куэд къызэраІэтым.

Фигу къэдгъэкІыжьинщи, Кавказ Ищхъэрэм щылажьэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я еплІанэ зэхыхьэр къызэригъэпэщащ Иджырей кавказ политикэм и центрым, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэм и аппаратыр и дэІэпыкъуэгъуу.

ДЫГУЛЫБГЪУ Аэрэталий.

Іулъхьэм зэрыпэщІэтынур ягъэбелджылы

(КІэухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.).

- Мы Іуэхум теухауэ цІыхубэм жаІэр нэхъапэщ, дыщІэлэжьэжьр ахэращи. Ди къэпщытэныгъэхэм кІыізэрагъэпсэгъэмкІэ, хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм дзыхь хуэзышІэхэм, абыхэм я лэжьыгъэмкІэ арэзыхэм я бжыгъэм хохъуэ. Ауэ лей кІыізэрытехьэр ябзыщІу щхьэусыгъуэ гуэркІэ зызущэхуэхэри щыІэщ. Абы кІыхэкІыу, Іулъхьэм теухауэ къздгъэнаІуэ бжыгъэхэм Іуэхум и пэжыпІэр къамыгъэлъагъуэу кІызолъытэ. КІыхьзгъэщыну сыхуейт курыт еджапІэхэм, сабий садхэм я унафэщІхэр зыгуэрым и щытхъу псалъэкІэ къатщтэ мыхъуу, а кІулыкъым теуВэну хуейхэм я зэпеуэ зэредгъэкІуэкІыр. Абы щытекІуэр и кІулыкъум пэрыувэн и пэ хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм дыщыщІоупщІэ, Іулъхьэ Іуэхуки1э е нэгъуащІ зыгуэркІэ и цІэ зыщІыпІэ къыщыхэщауэ пІэрэ жытІэу. Ар тэмэму къызолъытэ, Іулъхьэм узэрыпэщІэтыфынум и зы Іэмалщи, - жиІащ Емузым.

КІуэкІуэр министрым жиІам арэзы техъуащ икІи къыхиГъащ егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ епха Іуэхущ1апІэхэм я мызакъуэу, адрей Іэнат1эхэми я унафэщІхэр апхуэдэ щІыкІэкІэ къыхэкІи зэрыхуейр.

КъыкІэлъыкІуэу псалъэр ираташ КъБР-м щыІэ МВД-м и министрым и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Мамхэгъ Назир**.

- Иужьрей мазэ 11-м къриубыдэу Іулъхьэм епха щІэпхъаджагъэу 121-рэ къыщІэдгъэщащ. Абыхэм ящыщу 71-р нэхъ Іуэху хьэлъэхэм хабжэ, - жиІащ Мамхэгъым.

Апхуэдэу къэпсалъэм къыхигъэщащ Іулъхьэ къызэрыпаубыдым теухуауэ хьэрычэтыщІэхэр хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлажьэну зэрыкъэуэмейр, уеблэмэ я Іуэху кІуатэу заужьын папщІэ Іулъхьэ ятыну арэзыи зэрыщыІэр. Абы зэрыжиІамкІэ, мы гъэм къриубыдэу Іуэху 22-рэ къаІэташ, хьэрычэтыщІэхэм ахъшэ къеІуэныхыну зи мурадхэм ятеухуауэ.

УФ-м и Следственнэ управленэм КъБР-м щиІэ къудамэм и унафэщІым и кІуэдзэ **Танифа Виктор**, КъБР-м и прокурор **Жариков Олег** сымэ тепсэлъыхьащ зэІущІэр зытеухуам епхауэ зэфІагъэкІамрэ Іуэхур ефІэкІуэнымкІэ щІапхъэу къалъытэр.

Республикэм и Іэтащхьэр абыхэм едэІуа ныжь, Іулъхьэ Іихьыу шэч зыхуащІа къулыкъущІэм и цІэр къраІуэн и пэкІэ, абы и Іуэхур судым зэкиГъэкІауэ щытын зэрыхуейр къихигъэщащ.

ЗэІущІэхэм хэтахэм унафэ пыухыкІахэр къащтащ зи гугъу ящІа Іуэхуэхэм ятеухуауэ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● КъБКъУ

Ректорхэм я цІэхэр фІащ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щекІуэкІащ ЩІэныгъэ советымрэ университетым и Іэщ1агъэІхэмрэ я зэхуэс. Абы щытепсэлъыхьащ еджапІэ нэхъыщхьэм и ЩІэныгъэ советым щІэуэ хагъэхьэхэм я кандидатурэхэм, апхуэдэуи къыщащтащ гупыр 2016-2019 гъэхэм зэрылэжьэну зэгурыІуэныгъэр.

ЩЭХУУ екІуэкІа Іэлэтым кирикІуэахэм хэлъэжри, ЩІэныгъэ советым зэдзарэзыуэ хагъэхьащ КъБКъУ-м Социальнэ лэжьыгъэмкІэ, сервисымрэ туризмэмкІэ и институтым щІалэгъуалэм ядэлэжьэныжмкІэ и кафедрэм и унафэщІ Баразбиев Муслимрэ университетым Бухгалтер къэпщытэныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІ Къалмыкъ Іэсиятрэ.

КъБКъУ-м и тхыдэм увыпІэшхуэ щызыубыд цІыху цІэрыІуэхэм я фэепльхэр мыкІуэдыжыным хуэунэмтІа Іуэхуфіхэри къыщаІэтащ ЩІэныгъэ советым и зэхуэсым. Абы хэтхэм унафэ зэращІамкІэ, университетым 1965-1973 гъэхэм и ректору щытА, мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор КІэрэф Къамболэт Наурыз и къуэм и цІэр фІащащ еджапІэ корпус №5-м. КъинэмыщІауэ, КъБКъУ-м 1973-1994 гъэхэм и ректору лэжьа профессор Льостэн Владимир Чэлимэт и къуэм и цІэр дяпэкІэ зэрихьэнущ еджапІэ корпус №11-м.

Зохуэсым и утыку къралъхьа адрей Іуэхуэгъуэхэми унафэ щхьэхуэ тращІыхьащ.

СОГАЛОВЭ Наталье,
КъБКъУ-м и пресс-Іэнат1эм и лэжьакІуэ.

● Шэрэдж щІынатІэ

Къардэн Альберт и дерсыр

«Урысейм узыншагъэр щызыхъумэ егъэджакІуэ - 2016» зэхьэзэхуэм и Іыхьэу республикэм щекІуэкІам щытекІуащ Аушыджэр дэт курыт школым физическэ щэнхабзэмкІэ щэзыгъаджэ Къардэн Альберт.

ЕГЪЭДЖАКІУЭР хэтащ Дон Іус Ростов щекІуэкІа урысейпсо зэпеуэшхуэм. А къалэм дэт еджапІэхэм ящыщ зым Къардэным щита дерсым и купщІэмрэ и гъэпсыкІэмрэ куэдым гъэщІэгъуэн ящыхъуащ.

Альберт спорт пашышхуэм 7-нэ классым щеджэ цыкІуэр гуп-гупу иригъэщащ. Гуп къэс къыпльыса Іыхьэм нарт эпосымрэ урыс пелуанхэмрэ ятеухуа ІуэрыІуатэм екъэпІа сурэтхэр тещІыхьат. ЕджакІуэхэр зы «станцым» къикІыурэ адрейм макІуэ, лъэпкъ бэнэкІэхэмрэ джэгукІэхэмрэ зыщагъэгъуаззурэ.

Зыри зыпэмыплъа апхуэдэ Іэмалыр къыхэзыльхьа Къардэным щІыхь тхьилъ къратащ. Абы ита дерсыр фІым я фІыжу урысейпсо зэхьэзэхуэм къыщалъытащ.

ДЫЩЭКІ Іэдыщэ.

● Пшыхьхэр

Геттуев Максим ящыгъупщэркъым

ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым щІэныгъэ конференц щекІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ КъБР-м и цыхубэ усакІуэ, къэрал, жыл1агъуэ лэжьакІуэ щІэрыІуэ, телевизионнэ фестиваль зыбжанэм я лауреат Геттуев Максим (Магомет) къызэралъхурэ мы гъэм илъэси 100 зэрырикъум.

УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкІэ я министерствэхэм, ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым, КъБКъУ-м, «Хэкупсэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм конференцыр къызэрагъэпэщащ, «Тхыдэ фэепль» проектым хыхьэу.

ЗэІущІэм и пэ къихуэру къызэхуэсахэр ирагъэплъащ Геттуев Максим и гъащІэмрэ гуащІэмрэ ятеухуа фильм кІэщІ. Абы щІэщыгъуэу щызэхэхуэнат усакІуэ цІэрыІуэм и зэфІэкІхэри щІэинхэр.

Конференцыр иригъэкІуэкІащ философиё щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и проректор **Эфендиев Фуэд**. Абы жиІащ Геттуевым республикэм и литературэм, щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуищІар, и лэжьыгъэхэм цІыхубэм зыхуагъэзэжу и цІэр зэращымыгъупщэнур.

- Геттуев Максим Іэнат1э льагэ куэдым ехьуІэныгъэ, жэуапльныгъэ, пщІэ иІэу пэрытащ. 1965 гъэм ар хахуэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщІу. Ар ящыщщ Хэку зауэшхуэм и гугъуехьэр къызэзыгъэкІахэм, абы ипсыхьахэм. И усэ купщІафІэхэм щІэупщІэ яІэщ, балигъэхэм ныбжьыщІэхэми зэІэпах, - жиІащ сурэтыщІ Іэзэ **Жылэ Анатолэ**.

КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ **Беппаев МутІалип** къызэхуэсахэм ягу кьиГъэкІыжащ Геттуев Максим и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кыргызыстан, Таджикистаным къыщыдэкІ газетхэм Геттуевыр корреспонденту, къудамэм и унафэщІу щылэжащ. Тхылъ купщІафІэу 40-м щІигъу и Іэдакъэ къыщІэкІащ. Апхуэдэхэщ «Встреча», «Горская душа», «Космонавты», «Назир», «Тёплое солнце», «Вечный пленник высоты», «Совесть», «Эльбрус рядом», «Открытые сердца» повестыр, «Сердца и руки золотые» очеркыр. И тхыгъэхэр ятеуухуащ республикэм, къэралым и зыужьныныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыща и къуажэгъуэхэм, а зэманым псэуа цІыху цІэрыІуэхэм я гъащІэмрэ я ехьуІэныгъэхэмрэ. И псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэр удихьэжыу ягъэзащІэрт УФ-м и цІыхубэ артистхэу Кобзон Иосиф, Толкуновэ Валентинэ, Пьехэ Эдитэ, Чуев Михаил, Гъэсашэ Наталье сымэ, нэгъуащІхэми. Композитор Іэзэхэу, Урысейм и цІыхубэ артистхэу Фельцман Оскар, Лядовэ Людмила, Гладков Геннадий, Градский Александр, Левашов Валентин, Шаинский Владимир, Гурьев Юрэ, Мещерин Вячеслав, Урысейм гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Карамышев Борис, Урысейм щІыхь зиІэ и артист Струков Валерэ, Къардэн Хьэсэн, Къашыргъэ Билал сымэ, нэгъуащІхэми Геттуевым и уэрэдхэм макъамэхэр щІалъхьащ, - жиІащ Беппаевым.

- Геттуев Максим лІыгъэра хахуагъэрэ кьиГъэлъагъуэу Хэку зауэшхуэм хэтащ. Абы и нэгу щыщІэкІахэр и тхыгъэхэм къыщигъэлъэгъуэжащ. Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ зи лъабжьэ и усэхэр купщІафІэщ икІи удэзыхьэхщ. Гукъинэж сщыхъуащ уэрэджьыІакІуэ ІэрыІуэ Пьехэ Эдитэ Геттуевым и псалъэхэр зыщІэлъ «Прозрение» уэрэдыр зэригъэзащІэу щытар. Гундалэн къуажэм Геттуевым хуэдэу усакІуэ Іэзэхэр, цыху щэджащэхэр иджыри къыдэкІыну ди гуапэщ, - къыхигъэщащ лъахэхутэ, тхыдэдж **Котляровэ Марие**.

УФ-м и цІыхубэ артисткэ, ГъуэзджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ институтым и профессор Гъэсашэ Наталье игу къигъэкІыжащ хьэл-щэн дахэ куэд, цІыхугъэшхуэ зыдилъагъуу, жьыми щІами хуэфащэ гупытэ хуэзыщІу щыта Геттуев Максим дэлажьэну къызэрыуихуар зэригуапэр, абы и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэр фІэфІ дыдэу игъэзащІэу зэрыщытар, и усэхэм дахагъэр, гуапагъэр куэду зэрыщыізэхэухуэнар.

Геттуев Максим и къуэ **Ахъмэт** фІыщІэ яхуищІащ конференцыр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы кърикІэлІахэмрэ. Апхуэдэу къызэхуэсахэм ар ядэгуэшащ и адэм щІэныгъэ, зэфІэкІ иІэу, куэдым я чэнджэщгъэуу, щапхъэгъэлъагъуэу зэрыщытам теухуа и гукъэкІыжхэмкІэ.

Шэрэдж районым хыхьэ Безенги къуажэм и курыт еджапІэм и еджакІуэхэмрэ **Таз ФатІимэ** зи унафэщІ «Шэху уэздыгъэ» литературэ студием екІуалІэхэмрэ гъэхуауэ къеджащ Хэку зауэшхуэм, цІыхухэм я зэхущытыкІэхэм, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм, лъагъуныгъэм теухуауэ Геттуев Максим и Іэдакъэ къыщІэкІа усэхэм.

Зэхьэхьэм зыкъраГъэхьэлІащ Геттуев Максим ипхъу **Ларисэ**, усакІуэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, «Жан» зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Къаныкъуэ Заринэ**, СКГИИ-м и студентхэм, конференцыр зращІэкІам и лэжьыгъэхэм дихьэхэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Бахъсэн щІынатІэ

Нэхъыжьхэм фІыщІэ хуащІ

Бахъсэн районым и ветеранхэм я зи чэзу зэІущІэ екІуэкІам щагъэлъэпІащ нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэм илъэс куэд щІауэ хуэпэжу лажьэхэр.

АПХУЭДЭУ, и ныбжьыр илъэс 60 зэрырикъум, нэхъыжьхэм я щІыкІэлъсэуукІэр егъэфІэкІуэным теухуауэ зэфІигъэкІ лэжьыгъэм папщІэ Бахъсэн щІынатІэм и администрацэм и ЩІыхь тхьилъ иратащ Багъ Уэсмэн, Къулъкъужин Ищхьэрэ къуажэм зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІым, Жанхъуэтекъуэ къуажэм зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Байзуллаев Мусэ.

Бахъсэн районым и Іэтащхьэм и къуэдзэ Іэхъуэбэч Анзор фІыщІэ яхуищІащ жылагъуэ гъащІэм жьыдэжру хэт нэхъыжьхэм.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн район администрацэм и хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІ.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 10, *щэбэт*

♦ЦІыхум и хуитныгъэхэм я дунейпсо махуэщ. 1950 гъэм ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и зэхуэсым унафэ къыщащтащ илъэс къэс а махуэр гъэлъэпІэным теухуауэ.

♦Нобель и махуэщ (Нобель игъэува саугъэтхэр щат махуэщ). А саугъэтыр япэу щатар 1901 гъэрщ.

♦Футболым и дунейпсо махуэщ.

♦1987 гъэм усакІуэ, тхакІуэ Бродский Иосиф Нобель и саугъэтыр кратащ.

♦Урыс усакІуэ, «Современник», «Отечественные записки» журналхэм я редактору щыта **Некрасов Николай** къызэралъхурэ илъэси 195-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, АР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гъыш Нухь** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Лафыщ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Дирижёр цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым тІэунейрэ и лауреат **Темыркъан Юрий** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Быльымгъуэт Борис** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Уэрэдус, КъБР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Согуэ Данил** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Самбэ бэнэкІэмкІэ дунейм пщыкІуэрэ и чемпион хъуа **Хьэсанэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 3, жэщым щІыІэр градусы 5 - 3 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 11, *тхьэмахуэ*

♦Бгыхэм я дунейпсо махуэщ

♦1946 гъэм ООН-м Сабийхэм защІэгъэкъуэнымкІэ фонд къызэригъэпэщащ.

♦1956 гъэм Мэлбахъуэ Тимборэ КПСС-м и обкомым и япэ секретару хахащ.

♦Урысей политик, публицист **Плеханов Георгий** къызэралъхурэ илъэси 160-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакІуэ, Нобель и саугъэтым и лауреат **Солженицын Александр** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щхьэгуэш ШотІэ** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Совет теннисист, актёр, спорт комментатор цІэрыІуэу щыта, УФ-м и цІыхубэ артист **Озеров Николай** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Светин Михаил** (и цІэ дыдэр Гольцман Михаилщ) къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ **Абей Виктор** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Сэкрэк Владимир** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦«Кабардинка» ансамблым и къэфакІуэ пажэу щыта, КъБР-м и цІыхубэ артисткэ **Егъэн (Багъэтыр) Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градусы 2 - 4, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 12, *блыщхьэ*

♦Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ. 1993 гъэм цІыхубэ ІэтэкІэ къащтащ УФ-м и Конституцэр.

♦Кыргызыстаным и лъэпкъ литературэм и махуэщ

♦Швейцариэм и къэрал ныпым и махуэщ

♦1979 гъэм КПСС-м и ЦК-м унафэ къищтащ ди къэралым и дзэхэр Афганистаным иришэным теухуауэ.

♦1993 гъэм КъБР-м и палатит хъу и Парламентыр хахащ.

♦Кыргызыстым и цІыхубэ тхакІуэ, Кыргызыстэ Республикэм и ЛІыхъужь, Ленин саугъэтым и лауреат, СССР-м и Къэрал саугъэтым щэнейрэ и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Айтматов Чингиз** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Юрист, КъБР-м щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ **Губэщ1ыкІ Владимир** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, уэрэдус, артист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бахъуэ БетІал** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Дыгъужь Къазбэч** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Алэкъей Лерэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Актёр, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Балъкъыз Валерэ** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Шал Любовь** къыщалъхуа махуэщ.

♦БодибилдингымкІэ дунейпсо чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Льакъуэдыгъу Рамзес** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Соломин Виталий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 5, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Сакъ и анэ гъыркъым.

● Банк Іуэхухэр

АПК-м сом триллиони 4,2-рэ хуеутІыпщ

2008 гъэм лэжьэн щІэзыдза Агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным хуэунэтІа къэрал программэм тету Урысейм и Мэкъумэш банкым АПК-р дэІыгъыным хуиутІыпщащ сом триллиони 4,2-рэ. 2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу а унэтІныгъэм банкым щиІэ кредит портфелыр сом триллион 1,1-рэ мэхъу.

«УРЫСЕЙМ и Мэкъумэш банк» акционер зэгухьэныгъэм илъэс къэс хегъахьэ АПК-м ирит щыІухуэм. Апхуэдэу 2016 гъэм и япэ мазипщІым къриубыдэу а унэтІныгъэм хуаутІыпщащ сом мелард 813-м щІигъу - ар илъэс блэкІам и апхуэдэ лъэхъэнэм ятам нэхъ хуэдэ 1,5-кІэ нэхъыбэщ. Банкым и лэжьыгъэм гуПыитэшхуэ зыщІыхуищІхэм ящыщщ хамэ къэралхэм щащІхэм пэкІуэныкмрэ мэкъумэшхэкІхэр экспортым гъэкІуэныкмрэ хуэунэтІа инвестицэ проектхэр, Урысейм и мэкъумэш кооперацэхэр дэІыгъныр.

Урысейм и Мэкъумэш банкым кредит яритащ АПК-м и инвестицэ проект 5000-м щІигъуи, псори зэхэту сом мелард 484-рэ хъууэ. Абыхэм ящыщу объект 3962-м лэжьэн щІадзащ икІи къыщІагъэкІащ джэдылу тонн 1 мелуанрэ мини 170-м щІигъу, кхъуэлу тонн 805-рэ, быдымылу тонн 310-рэ, гъэшу тонн мелуани 5-рэ мин 350-рэ, теплицэ хадзэкІыу тонн мини 154-рэ. Мы ерыскъыхъэкІэр къыщагъэсэбэпыр къэралкІуэцІым и закъуэкъым, атІэ щІэупщІэшхуэ нэгъуэщІ къэралхэми щаІэщ.

АПК-м зегъэужьыныжмкІэ къэрал программэм тету банкым мэкъумэш кооперацэм хуиутІыпщащ сом мелард 26-м щІигъу. Мэкъумэш кооперативхэм я кредит портфелыр сом меларди 4,4-рэ мэхъу.

Урысейм и мэкъумэшхэкІ экспортым зыужьныныгъэ зэригъэутам, къищынэмыщІауэ, мэкъумэш кооперацэхэм зыщІэгъэкъуэным гупытэ хэха хуэщІын зэрыхуейм щытепсэльыхьащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м Федеральнэ Зэхуэсым защІыхуигъэзам.

Урысей Федерацэм и мэкъумэш-промышленнэ Іэнат1эм епха Іуэхущ1апІэхэм кредит-финансэ Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэныжмкІэ лъабжьэ быдзщ «Урысейм и Мэкъумэш банк» АО-р. Ар къызэрагъэпэщащ 2000 гъэм икІи нобэ яльытэ АПК-м и кредитор нэхъыщхьэу. «Урысейм и Мэкъумэш банкыр» ди къралым щылажьэхэм ящыщу нэхъ лъэщхэм, зи Іуэхуэр зэпІэзэрытхэм, мылъку хъарзыни зыбгъэдэлъ нэхъ банкышхуэхэм хабжэ. Абы и акцэхэм я проценти 100-ри къэрал мылъкущ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Къэбэрдеим и джэгуакIуэшхуэ Агънокъуэ Лашэ (Адэлджэрий) 165

***Къэбэрдеим и джэгуакIуэшхуэ Агънокъуэ Лашэ (и цIэ дыдэр Адэлджэрийт, ауэ и анэр ЛашэкIэ ефедзыгъ абы къытенащ) ди хэкум и мызакъуэу, нэгъэщIу щIыпIэхэми къыщацIыхуу щытащ. Ар 1851 гъэм Дохъушыкъуей (иджы Старэ Шэрэдж) къуажэм къыщалъхуащ. И адэр пасэу лIэри и анэр зыдэкIуэжа унагъуэм дэщIыгъуу Къуэжькъуей Ищхъэрэ (иджы Шэрэдж Ищхъэрэ) къыщыхъуащ Лашэ. Ерэ фIырэ зэхищIыкI щыхъум къыщыщIэдзауэ дунейм ехьжыхукIэ Агънокъуэр хуэлэжьащ къызыхэкIа цIыхубэм и щэнхабзэр къэIэтыным, абы къафэ макъамэхэр, къебжэкI хьэлэмэтхэр зэхилъхьэр, езыр пхъэцIычауэ Iэзэт.*

ДжэгуакIуэщIдзащэм жиIауэ къэнахэм ящыщ куэд зэхуахьэсыжащ Iуэрыуатэджхэу Иуан Хъусен, Къардэнгъущ Зырамыку, Нало Заур сымэ. Агънокъуэм и творчествэм куэд къызэщIеубыдэ - псалъэрэ макъамэкIэ къиIуэтам ищIыжкIэ, и джэгуакIэхэри, и къэфэкIэри, цIыхум яхуищIа Iуэхутхьэбзэхэри, и дуней тетыкIэри хохьэ джэгуакIуэм и гуащIэм.

Агънокъуэ Лашэ 1918 гъэм дунейм ехьжащ.

Мажусий щэджащэ

АГЪНОКЪУЭ Лашэ и нэгу щIэкIащ хэкум урыс хабзэр зэрыщIыубар, тепщэгъуэр пщыжь-уэрэкъыжьхэм хуэмурэ яIэщIэкIыу пащтыхыым и кулыкъущIэхэм зэрагъэцIыхьар; и нэгу щIэкIащ пщылIыпIэр, пщылIыр зэрыуагъэкIар, пащтыхыыр зэрытрадзар, тепщэгъуэр бейм къыIэщIатхъыу гуащIэрыпсэум яубыду зэрыхуежьар - нэгъэщIу жыпIэмэ, Агънокъуэхэ я лъапсэр къыззрежьэрэ зэрылъэпкъыу ямылъэгъуам хуэдиз! Абы къыгурыIуат дунейр «Алыхым къызэригъэщIам» тету зэпIэззэрыту зэремыкIуэкIыр, псэукIэмрэ насыпымрэ замыхъуэжьыныкIэ зэрымыхъурзакъуэм и зэфIэкIым кIэричуэр жылагъуэм я зэфIэкIым зэрыхэхъуэр...

1974 гъэм илъэс 94-рэ зи ныбжьа Iэщщын Темыркъан мыгъуэм къиуэтэжырт: «Еуэри, зы махуэ гуэрым Агънокъуэм деж зы выгу къыдохьэ, зылIэ зы фызрэ ису, гъэлъэхъу пшэрэ фадэ-пIастэрэ илъу. И благъэхъым, и цIыхуГъэкIым. КъызэрыщIэкIамкIэ, КIахэм къикIат. Лашэм и ныбжьагъу, гъунэгъуэхэр къраджэри, ешхэ-ефэ ящIащ. CIыхубзыр къыщIэкIуа щхьэусыгъуэр абдеж къиIуэтэжащ: Агънокъуэм и щIалэгъуэру кIахэпщ гуэрым деж щыджэгуу здэщIыпэм, зы хъыджэбз зыкъыхуегъаззэри къочэнджащ: «ЩIалитI къысщIопущIа - зэщIым тумэн тIощIрэ блыр къыщыхих къэхъуат: «Кубанск кIуэрт, къэуфэлIыгъуэ щыIэну къищIам, мазэ нэблагъэкIэ щыIэт, хьэгъуэлIыгъуэ зытIущ хэтт, мылъку и гъусэу гуэрыкI кърагъэшэжырт, ауэ къыхихар тхъэмыщкIэхэм, зимыIэхэм ядэгъашэ мыхъумэ, езым и закъуэ зэи ишыжьакъым. «КъызэрыкIуам хуэдэу кIуэжырт», - жеIэж абы. ИпэкIэ абы зэреджэу щытар «псапэт»; атIэ апхуэдэ «псапэр» Агънокъуэм и усыгъэм къажэпхыу системыщIыхьуэ хуэпащ: ГъащIэм илъ IэфIыр матэм илъ фом хуэдэу гъэпщкIуащи, езы матэр умыкъуатауэ къыпIухуэнукъым; матэр пкъутэмэ, бжьэри абы дэкIуэдащи, фом и уасэр езым нэхърэ нэхъ лъапIэ мэхъу... Уегупсысыжмэ, диалектикэ лъащIэнщэу зэкIуэцIыпIэ трагическэ образщ ар, илъэсищэ Iэджэм Iущагъкlэ зэкIэльэкуда псалъэжьхъэм ящхьу.

Iэрыуатэми литературэми гум зэпхидзу ягъэIуяу мы гупсысэ иныр щыпIэзэхъым хуэдэ пщещыфI дейуэ къэплъытэныр щыуагъэу къыщIэкIынущ: езы усакIуэм гъащIэм къыхуубыдыкIа Iущыгъэ куэд хьыхьащ абы и псалъэм, философие къуэпсыр къигъэбыдэу, и гупсысэ къэIуэтэкIэм псэщIэ къыхилъхьэу... Абы теухуа зы щапхъэ:

- Алыхьталэр дэ къытIущхьэщытщ,
Мы дызытетыр гупыкIыгъуейщ.
Ей дунеижьырэ бжьэфоужь матэ,
Уи фор къыщдумытурэ утIэщIахьжри!
ЦIыхубзым и дахэр уи бэт,
Фадэм и Iэфыр уи нэхъыбэжт!
ЛIым и гъащIэр уи зы лъэбакъуэт,
Мин ирикъуамэ, сфIэмыкъэдынт!

Егупсыс лей хэмылъу къажьэдэлъэту щыта импровизацэхэм ящыщ зыщ. Ауэ езым и лъэпкъэгъу усэ Iэджэм къарищхьэщыкIыу, мыбы купщIэ гъэнэхуа иIэщ - гъащIэр игъэлъапIэу лIэныгъэм пэщIэт гупсысэр, икIи ар хъэфар лей хэмыту къыбгуроIуэ: адрей джэгуакIуэхэм я импровизацэ хуэдиз зытражыIыхьа Iуэхум ущымыгъуаззэмэ (усэм и хъыбарыр щымыигъуэмэ!), жиIэну зыхэтыр къыбгурымыIуэу апхуэдэт. КъищынэмыщIауэ, езы авторым и гум щимыгъэпсауэ образ гуэр къыхэбгъуэтэн мы усэм? Утегушхуапэмэ, «дунеижьырэ бжьэ фоужь матэр» епшэлIэфынщ «фом хуэдэу Iэфщ» жыхуиIэ пасэрей жыIэкIэм, ауэ а тIур зэтекIыпауи сощIри, Агънокъуэм иуса образыр къыпхуэмыщIыхьэжыну хуэпащ: ГъащIэм илъ Iэфыр матэм илъ фом хуэдэу гъэпщкIуащи, езы матэр умыкъуатауэ къыпIухуэнукъым; матэр пкъутэмэ, бжьэри абы дэкIуэдащи, фом и уасэр езым нэхърэ нэхъ лъапIэ мэхъу... Уегупсысыжмэ, диалектикэ лъащIэнщэу зэкIуэцIыпIэ трагическэ образщ ар, илъэсищэ Iэджэм Iущагъкlэ зэкIэльэкуда псалъэжьхъэм ящхьу.

Iэрыуатэми литературэми гум зэпхидзу ягъэIуяу мы гупсысэ иныр щыпIэзэхъым хуэдэ пщещыфI адыгэкIи: пщылI еджэ хабзэт, жылагъуэр щыжэхьилым деж?! Адыгэ тхыбзи щыIагъэхэхъым абы и зэманым. Щыпар IэщIапсэлIэр - гъуэгIэхэр, пхъащIэхэр, фащIэхэр, дыщэкIэр, джэгуакIуэхэр... - я иIэщIагъэм хуагъасэу арати, Лашэ апхуэдэ гъэсакIуи иIакъым - аращ ар «пшынэхэкIэ мыщIэуи» къыщIэнэгъар. Ауэ акъылрэ талантрэ иIэу къалъхуати, адрей псори езым и гуащIэкIэ зыIэригъэхьэжащ. ЗыIэригъэхьэжар сыт, - жалэнкIэ мэхъу, щIэныгъэ щыщымыIакIэ? Сыт щымымыIар? «Ерыжьыбыр» зыщI фочыщIэм, маисэ зыгъажьэ джатэщIэм фIэщщыгъуейуэ щIэныгъэшхуэ яIэт. ДжэгуакIуэри IэщIагъэлI хъун щхьэкIэ щIэныгъэфI хуэйт - уэрэд усакIэм, макъамэзиушIкIэм, кхафэкIэ зыгъэр гъэлъэгъуэным, цирк джэгукIэ гуэрхэм, лъэпкъым и тхыдэм, и хабзэм, пшынэ зэмылIэужьыгъуэхэм, нэгуэщI Iэджэхэми хуэIэижьу! УэрэдгъэIуныр джэгуакIуэ IэщIагъэт, ауэ уэрэдым и тхыдэр екIурэ-ещхьу зымыIуэтэжьыфым зыгуэри пхуедэIэнутэкъым; пшынэзэнри джэгуакIуэ IэщIагъэт, ауэ уи пшынэм лъэр щимыигъэлъэтмэ, зыгуэрми и джэгу уриджэнтэкъым... Ауэ ахэр зрагъаджэ щIэныгъэ хуэатэкъым щымыдж, зыхуагъэса IэщIагъэу арат.

Ещхьырыкъабзэу, щIапщэ уэрэдэхэм къыщIегъэжьауэ хъуэрыбзэмрэ псалъэжьхэм нэс - псалъэ щэнхабзэ губзыгъагъэу адыгэм зэтралъхьар гукIэ умыIыгъмэ, фэ къыуаплъыхьэнутэкъым цIыхум. Ауэ Аргънокъуэм кIуэрыкIуэм тету кхыжьэдэлъэту щыта усэхэм хуэдэ зэхэплъхьэн щхьэкIэ, щIэныгъэри гъэсэныгъэри мащIэт - университет хуэIэущ. Абы талантышхуэрэ акъыл уэзэдгъэ жеIэ. Ауэ нэхъ зэфIэкIыышхуэ зиIэ ди усакIуэхэр я фIэщу хуеижьэкIи кIуэрыкIуэм тету апхуэдэ усэ импровизацэ яхуэщIыххэнукъым... Мис абдежращ пасэрей джэгуагъэщIауэ щыта нэхъ Iэзэхэм ящыщт Агънокъуэр. Абы гъыбзэ иусу щыIауэ жаIэжыркъым Абазэ къамбот е Сыжажэ Къыпышыкъуэ хуэдэу. Лашэ и усыгъэу къагъуэтыжар псори гушыIэрэ дирикэ гупсысэрэщ. «ХьэпцIэ Алий и уэрэдым» хуэдэ зырызхэм я гугъу умыщIмэ, адрей усэ «цIыкIуэр» - псалъэжьхъуэхъуэхэр, къебжэкIэр - зы къэмынэу кIуэрыкIуэм тету къыIуриIуэта защIэщ.

«ДжэгуакIуэР» щIыжаIэжыр джэгуным епхащи аращ. Джэгунри зэштегъэу къудейтэкъым, абы мэгъу къару хэлъэр фIы ирипщIэ и ириблэжь хъуэ хъафIэщIырт иджырей цIыхухэм. ХьэгуэлIыгъуэ, щIапщэ, вакIуэихьэж, тхьэшхуэгухьэж, хъуромэ - къинэмыщI дауэдапщэхэм я джэгухэри абы щыщти, къафэмэ, щыгъэджэгуми, ажэгъафэми хъер къраджэну я къалэнт. Ар щэнхабзэм и тхыдэр зыджхэм куэд щIауэ зэхагъэкIа Iуэхущ. Абы тегъэщIауэ щэч къытумыхьажу жыпIэ хъунущ адыгэ джэгуакIуэхэми мэгъу къалэн яIэу къежьауэ: щIапщэм уэрэдрэ гушыIэкIэ сымаджэр (фэрэкI зытетхэр, фэбжь зытелъхэр, блэ зэуэхэр, къинэмыщIхэри ягъэхъужырт; хьэгъуэлIыгъуэм хэтхэр ягъэджэгуягъэдыхьэшхуэрэ насыпэ къраджэрт... Ди къуэш щэрджэсхэми тхьэ зыщIауэ Iуэжращ Хъурбыз Мысост «мажуслибзэкIэ»- ебжэгъэ блэм нэхъ пIащэр иукIыфу, уеблэмэ ар кхъухъэхъуами кхьобгами блэкI имыIэу къыптехуэу щытауэ.

Аргънокъуэжьми и лъабжьэр абы къыщIежьэрти, джэгуным гъэджэгуныкмрэ Iэщ Iагъэ хуохъу. Дэ нобэ ар щIэдгъэльапIэ уэсэ уахъытыншэхэр я Iуэхум къыпыщыща къуэщIий къудейуэ аращ. И Iэщ Iагъэ нэхъыщхьэу абы къилъытэжу щытагъэнур къафэр къиГьафэу, гупыр игъэдыхьэшхуэу джэгу утыкум итыныкмрэ ешхэ-ефэм уэрэд яжриIэу хьэщIэщым щIэсыныкмрэ. Ар джэгуакIуэ тхъэмадэти, хьэгъуэлIыгъуэ зиIэнухэм джакIуэ къыхуащIырт, мыпхуэдэ махуэм ди гуфIэгъуэщи тхъэджэгу, - зиIэ. Езыми и джэгуакIуэгъуэр - шыкIэпшынауэхэу Тырку Къасбот, Урыс Мыхьмуд, Шэрыпужь Мыхьмуд, нэхъ и щIалэгъуэм щыгъуэ - Абазэ Къамбот сымэ - зэхуишэсыртэ яхуэкIуэрт. А гупым бжьамияпщи, пшынауи яхэтынкIэ хъурт, яхэмытынкIэ Iэмал зиIар сыт жыпIэмэ - къафэм ритм езыта пхъэцIычауэхэрт, ауэ ахэр здумышэу уэрэдкIуа джэгум къыщыбгъуэтынут. Пшынэ еуэхэр щIалэхэм къахэт-къахэсу зы лъэныкъуэкIэ хъуэвырт, абыхэм я щIыбкIэ е ябгъукIэ шыкIэпшынауэхэр къэувырт, джэгуакIуэхэр (хьэтиякIуэхэр) сыт щыгъуи АгънокъуэжьырыатI, ар утыкум (пхъэцIычитI иIыгъыу!) кьихьэрти джэгур иригъажьэрт. ХьэщIэ лъапIэ, къэфэкIэ Iэзэ, фIыуэ ялъагъу щIалэ е ахъшэ нэхъыбэ къызыпыкIыи гуэр къытехьамэ, абы зыхуагъэщхьыурэ пшынэрэ пхъэцIычкIэ и лъакъуэхэр хуагъэпсынщIэрт, езы къыдэкIахэми, хъыджэбзэхэм зыкърагъэлъагъун къудей щхьэкIэ, кърахыурэ сом, сомищ (сомитху, тумэн хуэдизри зыфIэмыльапIи къахэкIыу!) къратырт. Пшынэм кърадза-къракуа тIэкIур езы пшынауэхэм къахуэнэрти, хьэтиякIуэм (джэгуакIуэм) къыхиха къомыр эздагъуэшыжьырт.

Джэгункlэ Лашэ къыбгъуэрыуэн а лъэхъэнэм Къэбэрдеим исакъым, жаIэ, Мыжей Сэхьид къыпеуэн хьэжрэтым зэрахэмытам ещхьу. Лашэ, адрей джэгуакIуэжьхэми ещхьу, цирк джэгукIэми хуэIэижьт. 1895 гъэм къалъхуа ХьэщIыкIу КIэгурэ жеIэж: «Хьэлэмэтурэ зищIырт Агънокъуэм: и пылъэ щхьэрихьырти, ахъшэ куэд къезыта щIалэр къыщыфэну утыкур ипхъэнкI хуэдэ зищIырт. ЦIыхур игъэдыхьэшхын щхьэкIэ, зэрызимыщI щыIэтэкъым, дэтхэнэ зы псэущхьэми и макъым ещхь зищIыфырт - адакъэу Iуэрт, хакIуэу щыщырт, шыду кIийрт, джэду къакъэрт - уи нэр зэтупIамэ, цIыхуу умыщIэну...»

Зэрытлъагъущи, Агънокъуэм и Iуэху еплъыкIэр мажусий Iэужьщ: зэныкъуэкъу защIэу зэхэлъ мы дунейм псэуныгъэр, тхъэгъуэр, лъагъуныгъэр, лэжьыгъэр и дахаплэ; лIэныгъэр, гугъуехьыр, биниыгъэр и IеипIэщ. Ар Iуэху еплъыкIэ нэхущ, мэкъумэшыщIэ гупсысэкIэм ещхьу. ГуфIэгъуэм тещIыхьа дауэдапщэм и джэлэсу щыта джэгуакIуэм нэгъуэщI гупсысэкIэ иIэнкIи хъунутэкъым.

НАЛО Заур.

И усыгъэм щыщхэр

ЦIЫХУМ и гур кхъуэнэ пхъашэщи, и чэзум ямытхьжар, щIэлъэIуурэ, мэкIуэдыж. ИлъэсищэкIэ, илъэс минкIэ, минитIкIэ, нэхъыбэжкIэ яхъумэнкIэ мэхъу цIыхур псэуныгъэ Iуэхукlэ зыхуей псалъэжьхэр, сюжетхэр, образхэр, уэрэдхэр, макъамэхэр, хабзэхэр; щыхуэмеижьи дежи псынщIащэу Iэщщыб ящIыжьыр. IуэрыIуатэмрэ хабзэмрэ нэхъ псэзэпылъхьэпIэм щихуэр жылагъуэм щIэныгъэр къахьхьэу псори зэпалъит щыхъум дежщ, мы дэ иджыпсту дыззрыт лъэхъэнэм хуэдэу. Апхуэдэхэм деж ятхьжар дунейм къытонэри, ямытхьжар лъэпкъыми яIэщIкIэ, къэгъуэтыж имыIэу: зи сэбэпкIэ зы уэрэд къеэзыгъэлам афэрым хуэфащэщ, зи зэранкIэ зы псалъэ зыштхьуэдыжам... абы хуэфащэр кхъэхуну щIэблэм жрыIэ.

Агънокъуэ Лашэ щыпсэуам абы и усэхэр зэхуэхьэсын щIэддзамэ, ведзыр мин бжьыгъэхэр къытхуэгъэнэнут; тIощI-тIощI гъэхэми абы яужь дихьамэ, щэ бжьыгъэхэр кьедгъэльифынкIэ хъунут. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а къомыр тIэщIэкIри, зы щэ закъуэми зы щэ ныкъуэми дыхэмыбжысыжу къытIэщIэмэщIащ. Ди насыпиншагъэуи щIы, ди хуэмыхуагъэуи щIы - ар къэгъэзэжьынщэщ.

Iуэрыlуатэ лъыхьуэр ботаникхэм изогъэщхь: удзыр и фIыгъуэу щыгъагъэм джеж къэбгъуэту тэмэму гербарие пхуэщIамэ, щIэныгъэм ухуэупсащ; уэрэдри и щIалэгъуэ дахэм джеж къыппэщIэхуэу тэмэму пхуэтхьжамэ, щэнхабзэм Iуэхутхьэбзэ хуэпщIащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Аргънокъуэм и усэхэр зытхыжьын диIакъым; Iуэрыlуатэлъыхьэр къежьа нэужь, а джэгуакIуэжьым и щджащагъэм гу лъызытэни куэдрэ къытхэкIакъым. Хьщ! гъэхэм Лашэ и усэхэмрэ хъыбархэмрэ зэхэтхъэсыжу къыщедгъэжьам щыгъуи, дегупсысакъым ахэр нэхъ тэмэму тхыжа зэрыхъунум - магнитофоныр уэрэдхэмрэ макъамэхэмрэ къахуэдгъанэри, усэ уахъытыншэхэр Iэрытхыу зэхуэтхьэсащ: апхуэдэущ зэрищIар Аргънокъуэм жиIахэр тхыжьыным япэу иужь ихьа Иуан Хъусени, апхуэдэущ зэрысщIар Хъусен и ужькIэ а Iуэхум пэрыхьа сэри. Дэ дыбуби укъытщытхъуи хъунущ, ауэ дэ ди зэманми хъэнэжа мащIэм щыщу къытхуэгъуэтыжыр магнитофон гъэпщкIуакIэ - усэгъэIум имылъагъу, имыщIэ магнитофонкIэ ттхыжыгъамэ, абы щыгъуэт афэрым къыщыдлэжьар. ИтIани, Iэрытхыу нэхъ мыхъуми, зэманым и кхъуэнэ нэхъум щIэмылъэлъу хъытхуегъэла усэ зыбжанэми апхуэдизкIэ дахэ яхэтщи, ахэр адыгэм ди дежкIэ фIыгъуэшхуэщ, цIыхугъэри зэбакъуэ мыхъунщ.

ДжэгуакIуэ усэхэр цIыхум щрахьэжьэжкIэ, хъыбарым хэту ирахьэжьэж, жьэзыIар, щIыжиIар къриуIуатэу - гукIэ зэрахьэ усэхэмрэ уэрэдхэмрэ арыншэу къыбгурымыIуэу щытащ. Аргънокъуэм и усэ зыбжанэр хъыбарыншэуи къыбгурыуIуэ щхьэкIэ (езыр-езыр зрикъуж щхьэкIэ), мо хабзэм зэриубзыхуам тету къоГъуэгурыкIуэ хъыбарым щIыгъуу.

Агънокъуэм и насыпым хужиIэжар

Алыхьталэм сыкъыщигъэщIым,
ЗэрымыщIэкIэ си насып тIэкIур
ФикIутри Къэбэрдеим кърикIутэжащ:
Кхъужьей жыг къэкIамэ, жылэ хуэхъуащ,
Хъыджэбз дахэри абы кхъуэкIащ -
Маржж хъун, фи насыпым сыхэвмын сэри! - жиIэрт Аргънокъуэ Лашэ джэгу утыкум здыхэтым. Хэти дыхьэшхырт, хэти зыгуэр кхъухуишийрт...

Къэзыуэтэжар Къэхун щыта Албот Цу и къуэ Мухьэмэдщ (ПетI), илъэс 78-рэ и ныбжьу. Зытхыжар Нало Заурщ.

Агънокъуэм цIыхубзхэм яхужиIар

ЦIыхубзыр дунейм и дыгъэщ,
ЦIыхубзыр дунейм и мазэщ;
Фызмэ - гъащIэ гукъинэщ,
Анэмэ - дунейм и жылэщ.
ЛIым зыдгъэльагъэ пэтми,
Я лъэгуажьэм ди жьакIэр нэскъым.

Хъуэхъуэхэр

Ди нысэ фо

Хужьэ дахэр унагъуэ ихьат. НысащIэр къыщыщIашым щхьэтепхъуэр телъу бжь блыпкъым къывэрри жиIащ:

- Си бжьыу Лашэ къэуву си дагъуэр имыIэтауэ сыщIэвмыш!

Лашэ къэдрэ зригъэлъэIуакъым:

- Дахэр зыгъэдахэр и набдзитIщ,
И набдзитIри пцIащхьуэкIэт,
ЛъэкIампIитIым теуэр и щхьэщц,
Къырым бжьэхуцри и щIыфэ,
Къхуэхьжьыфэу тхылъымпIэр и нэкIу,
НэкIущхьитIыр дыхьэрэным и пщафэ,
Фадафэм зи гуГъур ягъэш,
Хъуэхъубэр зыхуагъэшу ди нысэ,
Гунэсу соусэр, тхьэрыкъуэ,
Тхьэрыкъуэ пщэхуурэ Iэхульэху,
Зи нэгум хуитурэ псэун,
ПсэукIэм и дахэр угъуэт!
Къуитыну насыпыр щIэращIэу;
ЩауэщIэу уи лъхугъэр щауэхъуу,
Уи джанэр Iэщхьэхъуу бырыбу,
Джэджьей бынурэ убагъуэу,
Бэгъуэжаэу мэзытхьэм уэ къуит!
Уи гуащэ уэ бзэ хуэщабэу,
ТIысыпIэм и щабэкIэ угупсэу,
Нэмысыр нарт хабзэу хузепхьэу,
Узытемыхьэр уи тхьэмадэжьу,
Уи пщыкъуэжъ ухуэбзэу-ухуэдэу,
Цей зыхуэбдым уи цытхъу иIуатэу,
Дунейм утетынкIэ уэ сынохьэхъуэ!
ЛъэдакъэМ и махуэр
Мы лъэпкъ Iумахуэм уэ къыхуэгъанэ.

Ди унагъуэм:
Бадзэуэгъуэ уэшхыр нытхуэхь.
Хьэ пасэу къэщхьэлъэ,
Уи лъэр щытеувэм щыхъуахъуи
ХъуэхъубкIэ сожьу,
Сызэжьыри сыухащ.
Сыухащ, дахэ нысэ,
Ди нысэ фо,
Фом хуэдэу зыхыхьэм къалъагъун,
Уи нитIыр къызэтехи къэбакъуэ иджы!

Лашэ и хъуэхъу

Джэд быну фыбагъуэу,
Уафэ зытегъуагъуэр фи гъавэу,
ВакIуэ дэкIыр махуэшхуэу,
Вагъэбдзумэшхуэр кьыгуэвгъэщэту,
ЩIым хуэмыIэтыр и текIэу,
И текIэр ху напIэ,
Зы ху напIэ хьэдэибгъуу,
Фи гуэнибгъу игъэсейрэ
Бгъум епщIани мысэджьыту,
Ди утыкум дыщыхъуахъуэу,
Уардэ унэжьу дыхъуэхъубэу,
Ди быныр къэщIэращIэу,
Дыгъэпсыр ди псэмкIэ гумащIэу,
ЩIэныгъэм дэгъагъэу, дэбыбу,
Ди унэр тэхъуанэу,
Унэбжэр пхъэм и махуэу,
Iумахуэр ди нэхъыжьу,
Жьырытэджу ди нысэхэр,
Зэхэзежэу ди щауэхэр,
Хуарэр дахэм я Iэдэжу,
Ди жэрыбэр пэхутэу,
Дунейм хуиту дыщыгъэпсэу!

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ТЕКIУЖЬ Заретщ.

● ЖыIэгъуэхэр

Нэмысыр щIыхуэу ятыркъым

♦ЩIэгъэкъуэным зытебгъащIэмэ, щIощIыкI.
♦Iуэхуншэным зэфIэнэ къешэ.
♦ИмыIэмрэ имыщIэмрэ зыфIэгугъум мылъкуи щIэныгъи игъэунэхуакъым.
♦ГъэтIылъыпIэ зимыIэм гъэтIылъыгъи иIэкъым.
♦ЗэманыР толъкъун емылыджщ: щымыщтэу и бгым зизыдзэфыр здепхъуатэ, щхьэприхыр хелъафэ, пыпхэр ныджэм къыIуедзэж.
♦Адэ-анэ гугъуехьыр зыщымыгъупщэр гурыхуэщ.
♦Адэ-анэм пщIэуэ хуащIым хуэдизщ быным къалъысыжыр.
♦Быныр сабииху, зэ балигъ хъуащэрэт жалэ, балигъыпIэ иувэмэ, сабийуэ сиIэжащэрэт жалэж.
♦Дадэ къуапэри ядакъым: мыхъунур пасэу мэтIыгъуэ.
♦Къуэ пцIыупс зиIэ адэм и Iуэхур хэплъэгъуэщ.
♦Сабийм балигъыбзэр зыхещIыкI, жьыкIэфэкIэр сабибзэм хуэныкъуэщ.
♦Сабийр анэм игъагъыр Iуэхукъым - теужынщ, Iуэхур быным анэр игъагъмэщ - абы и нэпсыр гъущIыркъым.
♦Емынэм уэзрихуэми, жэуапыр уэ бохь.
♦Напэр зэ щагъэущ, къыщIэпхар зэ шхэгъэущ.
♦Нэмысыр щIыхуэу ятыркъым.
♦Уи щхьэм хуэбгъэфэщэжыр уи фащэщ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● МэшбащIэ Исхьэкъ и илъэс

Распутин Валентинрэ МэшбащIэ Исхьэкъэрэ Бжьэдыгъукъалэ (Краснодар) щызэхуэзащ. *1996 гъэ*

Улан-Удэ и хьэщIэщ МэшбащIэ Исхьэкъэрэ Твардовский Александрэ. *1967 гъэ*

ДамитI

НОВЕЛЛЭ

Машинэ гъэщIэрэщIахэр, удз гъэгъахэр, дыхьэщх макъ, уэрэд, къафэ... ХьэгъуэIыгъуэр лъэбакъуэщхуэкIэ унагъуэм къыдохьэ. А махуэ лъапIэм щыгуфIыкIыу бжьыхьэ дыгъэри, щыгъыным я нэхъыфIыр щыгIыу, хьэщапIэ къэкIуад. Абы и «гуфIэкIэр» зыхуэбгъэдэнур нысащIэм и тепльэрщ. Дыгъэм зыдащIу жыгхэри щIэращIэщ. Уеблэмэ, машинэпэм тес къупщхьэ гуащэм и «гу щIыIэри» къэткIужащи, погуфIыкI. Насыпыр псы Iэрышэу йожэхри, ар зыльагъу псоми зыхагъэпскIыхь...

НысащIэми зегъэщIэрашIэ. И тепльэм гу щимыхуэжу, ар темыпыIэу йопльэ гъуджэм. Бостей хужьыр хьэзырщ, Iэльыпнхэр Iэнэм тельщ... Къупщхьэ гуащэу утыкум итщ. Дакъикъэ дэкIынурэ, ар яшэнущ, дяпэкIэ гъащIэщIэ щыщIдзэну унагъуэм. Псори куэд мышIэу и хъуэпсапIэм хуэдэу хъунущ, ауэ зэкIэ хьэщIэ псори щIигъэкIри, щыхуитIым я гъусэу и пэшым къыщIэнащ. Ар щIэхщIэхыурэ хуоплъэкI и щыбагъым къыдэт и «дамитIым» - адэ-анэм. НысащIэр абыхэм яхуогуфIэ, зыри жамыIэми, къызэрыдэгуфIэр ешIри. А тIум нэхъ хьэщIэ лъапIэ хьэгъуэлIыгъуэм щыIэныкъым нобэ. Ар абыхэм ябгъэдыхьэурэ ба яхуещI, толъэщIыхь. Мыдрейхэри я пхъум еплъыурэ, кино гъэщIэгъуэным хэтым ещхьу, я гукъэкIыжхэм хохьэ...

Адэм и нэгу къышIегъэхьэж хъыдан жэрумэм кIуэцIылъу япэу ар къыщыхуахьыжар, япэ лъэбакъуэхэр, япэ псалъэхэр. Нэхъ Iей дыдэу щеша махуэми, абы и нэгум иплъамэ, сыт хуэдэ гугъуехьри щыгъупщэжырт. Иджыпсту зделпъми, игъащIэм нэхъ нысащIэ дахэ имыльэгъуэу къыщохъу. Ар хуогуазвэ и хъыджэбзым. Дауэ хъуну дятэкIэ?! Фlыуэ къальэгъуну зыхьхьэ унагъуэм? Езым игу щигъэтIылъыну?! Адэм дежкIэ ар сыт щыгъуи сабийуэ къэнэнущ, абы къыхэкIыуи и гур тепыIэркъым. Гупсысэхэр куэд мэхъу...

Анэм фIы дыдэу ешIэж и хъыджэбз цIыкIум япэу щыIуплъар, япэу школым щишар, япэу усэ къыщеджар, пщыхьэщхьэкIэ унэ лэжьыгъэ ящIыжу зэрыщысар. Абы и нэгум ЩIэтщ и пхъум и екъулIэныгъэхэр, абы и гуфIэгъуэ диыгъахэр. Ауэ щыгъупщэжакъым жеиншэу и пIэ лъапэм щыгъэкIуа жэщхэри. Дапщэрэ ажалым езэуа ар и бным папщIэ?! «Сыту псынщIэу балигъ ухъуа, си хъыджэбз цIыкIу», - йогупсыс ар. - Сыту псынщIащэу зэманыр кIуэрэ! НысащIэу услъагъуным иджыри IэдкIэ иIэ си гугъэт. Сэ узэрислъэгъуам хуэдэу укъальагъуну пIэрэ а унагъуэмэ?! ПщIэ къыпхуащIыну?! Уэ езыр-щэ? Узыхуэзгъэсахэр зыщымыгъэгъупщэ, уэ уи щытыкIэм и уасэр сэращ зыхуагъэувынур. Насыпыфlэ ухъу, си гуащэ цIыкIу!..»

Адэ-анэм я гум илъ псори жраIэнут я пхъум, ауэ сурэтхэр псалъэ хабзэкъыми, нэщхьейуэ къеплъ мыхъумэ, зы псалъи къажьэдэкIыркъым. Адэ жыжьэу уафэм, я гурыщIэ псор яхуэмышыIэу, вагъуитI къыщоблэ, хъыджэбзым и гъуэгур къаргъэнэхуу. Ар зыщIэ нысащIэр, иджыри зэ гуфIэжу а вагъуитIым къахуеплъэкIыжри, дамэншэ бзууэ пэшым щIэкIащ...

ГЪУКIЭ Маринэ.

● ЖьыIэгъуэхэр

Нэмысыр щIыхуэу ятыркъым

♦ЩIэгъэкъуэным зытебгъащIэмэ, щIощIыкI.
♦Iуэхуншэным зэфIэнэ къешэ.
♦ИмыIэмрэ имыщIэмрэ зыфIэгугъум мылъкуи щIэныгъи игъэунэхуакъым.
♦ГъэтIылъыпIэ зимыIэм гъэтIылъыгъи иIэкъым.
♦Зэманыр толъкъун емылыджщ: щымыщтэу и бгым зизыдзэфыр здепхъуатэ, щхьэприхыр хелъафэ, пыпхэр ныджэм къыIуедзэж.
♦Адэ-анэ гугъуехьыр зыщымыгъупщэр гурыхуэщ.
♦Адэ-анэм пщIэуэ хуащIым хуэдизщ быным къалъысыжыр.
♦Быныр сабииху, зэ балигъ хъуащэрэт жалэ, балигъыпIэ иувэмэ, сабийуэ сиIэжащэрэт жалэж.
♦Дадэ къуапэри ядакъым: мыхъунур пасэу мэтIыгъуэ.
♦Къуэ пцIыупс зиIэ адэм и Iуэхур хэплъэгъуэщ.
♦Сабийм балигъыбзэр зыхещIыкI, жьыкIэфэкIэр сабибзэм хуэныкъуэщ.
♦Сабийр анэм игъагъыр Iуэхукъым - теужынщ, Iуэхур быным анэр игъагъмэщ - абы и нэпсыр гъущIыркъым.
♦Емынэм уэзрихуэми, жэуапыр уэ бохь.
♦Напэр зэ щагъэущ, къыщIэпхар зэ шхэгъэущ.
♦Нэмысыр щIыхуэу ятыркъым.
♦Уи щхьэм хуэбгъэфэщэжыр уи фащэщ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● ГушыIэ

ТхьэлъэIу схуэщIыж!

Быпымым мэкъу яриту Хъуэжэ Iуэм итт. Асыхьэтым жыжьэу фочауэ макъ къыщыIуащ. А махуэм Хъуэжэ и пыIэр и щхьэгъусэм ижьыщIри, игъэгъущыжыну бжьыхьпэм фIидзауэ фIэльти, шэ цIывар абы къытехуэри, пыIэ купсэр пхихащ.

Ар щилъагъум, псынщIэу Хъуэжэ унэм щIэлъэдэжри, и щхьэгъусэм жриIащ:

- Фызабэу укъэнэным зы тIэкIунитIэщ иIэжар, псэуу сыкъыщэрынам щхьэкIэ псынщIэу тхьэпльэIу схуэщIыжI

- Ана-а, сыт мыгъэр къэхъу? - жиIэри и нэпсым къыщэпжьыхьауэ фызыр къыпежьащ.

ИужькIэ щIыбым къыщIишри, шэм пхиха и пыIэ купсэр Хъуэжэ абы иригъэлъэгъуащ:

- Асыхьэтым мы пыIэр сэ сщхьэрыгъауэ щытатэмэ, шэм си щхьэр фIихатэкъэ? - жиIэри.

КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку.

● Фэ фщIэрэ?

УасэIых къафэ

Тхьэмадэ щIакхъуэ. Жылагъуэ зэхэтыкIэм епха хабзэщ. Гуп хъуэу зэкъуагжэгъухэр, зэныбжьэгъухэр гъэзгу техьамэ, щхэкIуэ кIуамэ, нэхъыжьым щIакхъуэ, IэфIыкIэ, нэгъуэщIхэр къыщэжу игъусхэм яригъэшхырт, я Iэху къехъулIэну игъэхъуахъыжрт. Апхэдэ ерыскъым «тхьэмадэ щIакхъуэкIэ еджэрт.

ТIыуТIыпщ фочгъауэ. Лэжьыгъэм, Iэщ гъэхъуным ехьэлIа хабзэщ. Бжьыхьэм тIыхэр мэл хъущэм щыхауТIыпщхьэм деж, мэлыхъуэхэм фоч ягъауэрт. Апхэдэу хъушэм фоч зэрыщхьэщагъэкIым абы бзаджэнаджэ зэран къахуимыгъэхъуу, щIэжьей нэхъыбэ къащIигъахъуэу ягугъэт.

ТIыуТIыпщ хугутеудэ. Iэщ гъэхъуным ехьэлIа хабзэщ. ТIыхэр хъушэм щыхауТIыпщхьэм деж, ефэндыр тебжауэ хугу Iэщыгъэ зырыз мэлыхъуэхэм къащтэрти, мэлхэм трапхъэрт. Апхэдэу щащIкIэ, ахэр тхьэ елъэIурт щIэжьей уэзыншэ икIи нэхъыбэ къаритыну.

Уасэ. Фыз къэшэным ехьэлIауэ адыгэхэм я лъэпкъ хабзэу къокIуэкI. Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм фыз къыщашэкIэ щIыхубзым уасэ щIату щытащ. Пщырэ пщылIрэ щыщIа зэманым пщы, уэркъ, мэкъумэшыщIэ хъыджэбзхэм щIат уасэхэр зэхуэдэу щытакъым. Пщыуэркъхэм я пхъум уасэ нэхъыбэ щIатырт, мэкъумэшыщIэхэм нэхъ мащIэ.

ПщылIыгъэр якIутэжа нэужь, уасэу яту щытат благъагъэкIэ зэувэлIа лъэпкъитIыр зэрызэгурыIуэрт. XIX лIащIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэмрэ XX лIащIыгъуэм и пэщIэдзэмрэ уасэу нэхъ яту щытар Iащт: витI, жэмитI, зыш хуэдиз. Ди зэманым уасэр щыкIуэдыжащ Дзэлыкъуэ районым, адрей щынальъэхэм иджыри щызекIуэу урохьэлIэ, ауэ иджы уасэу ятыр ахъшэщ. Абы и инагъыр зэлъытар лъэпкъыр зэрызэгурыIуэрщ.

Уасэ Iых къафэ. Нысашэм иращIэкI хабзэщ. НысащIэм и Iыхьлыхэр щауэм и унагъуэм щызэгурыIуэу, уасэ щызэIэпахауэ щежьэжкIэ, хьэщIэхэм джэгу хуащIыт. Ахэр зэрыгъэжьэж къафэм «уасэIых къафэкIэ» еджэрт.

ДУМЭН Хьэсэн.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

ШатэкIэ щIа лыцIыкIулыбжьэ

Былымылми мэлылми «хьэщIыкI. Лыр псы щIыIэкIэ ятхьэщI, нэхъ тынщу яупщIэтэн щхьэкIэ щIагъэгъущхьэ, г 10 - 12 хъуэу зэпаупщI. Шыуаным ираIтхьэ, псы щIыIэ щIакIэ, шыгъу хадзэри и щхьэр тепIауэ, мафIэр ину зэ къытрагъэкъуалъэ. Тхъурымбэр къытрах, мафIэр щIыкIу ящI, и щхьэр трапIэри ныкIуэвэфI хъуху, псыр щIвэщIэху, ягъавэ.

Лым тхъу халъхьэри къагъэплъ и пщтыраГъыр градуси 160 - 170-рэ хъухуи, зэлащIэурэ яГъажьэ. Зы лъэныкъуэм вэгъу дахэ зэрыгрищIэу зэрагъэдзэкI, бжьын упщIэта, шыбжий сыр хьэжа халъхьэри зэлащIэурэ яГъажьэ. Бжьыным дыщафэ къытеуэу щIидзэмэ, гуэдз хьэжьыгъэ ухуэнщIа хакIутэри зэлащIэурэ дакъикъи 5-6-кIэ яГъажьэ, итIанэ лыр щIигъанэу шатэ щIакIэ, зэ къытрагъэкъуалъэри, мафIэ цIыкIум тету чымчыркIэ зэлащIэурэ хьэзыр хъуху трагъэт. Абы щыгъуэ шыуаныщхьэр ныкъуэтепIэу къэбгъанэмэ, тхъур нэхъ щIэхьу къытредзэ. Лыбжьэр чымчыркIэ зэлащIэ, шыуан джабэри и Iыуэр зэльагъэIэсурэ.

Шыуаныр пэшхьэкум къытрах, джэдгын трагъэщащэри, шыуаныщхьэр тепIауэ дакъикъи 5-6-кIэ щагъэт. Тепщэн мычэнж дыдэкIэ Iэнэм трагъэувэ. Пластэ, мырамысэ, чыржын, мэжаджэ, щIакхъуэ дашх.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):

лыпщIэу - г 120-рэ, псыуэ - г 100, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 10, тхъууэ - г 20, гуэдз хьэжьыгъэ - г 10, шатэу - г 250-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къытхыжащ.

● Псалъэжьхэр

Уафэм хъыринэ щощIэ

●Ауан ящI ауанышI кIуащ.
●Гъавэ зытетым бжьын жылэ трепхъэ.
●ДахэжьIэ фIымышIэ.
●Делэ гуэшэгъу нэхърэ губзыгъэ дэуэгъу.
●Дыщэ цей хуэпщI щхьэкIэ, пэ хуэпщIын?
●Зи щхьэ Iуэху зыхуэмышIэжыр хамэ IуэхукIэ ерыщ.
●И хьэсэпэ здынэс ищIэжьыркъым.
●Уафэм хъыринэ щощIэ.
●Уеплъмэ, дахэщ, зэгуэпхмэ, банэщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5**. Iэщ цIыкIу. **9**. Католикхэм я Ватикан къэрал жьгъейр а къалэм жеубыдз. **10**. Iуэху щIэн зи жагъуэ, течыгъуей. **11**. Адыгэр дуней псом нэхъыбэу дыкъызэрыщащIыху нэгъуэщI лъэпкъыщIэ. **12**. Яхуэмылажьэ бжьэхъу пIащэ. **13**. Литературэ тхыгъэ. **14**. Европэм щыщ къэралипщым я щыналъэм щожэх а псышхуэр. **16**. Былымыр гъэмахуэм здэху «курорт» хъупIэ жьжьэ. **20**. Дзыгъуэм жэнэт щыналъэу къыщыхъу нартыху хъумапIэ. **21**. Адыгэр нэхъапэм зэфэу щыта фадэ пIащIэ. Ди зэманым щIагъуэу ящIыжыркъым. **22**. ЛIыжьыр мэшхыдэ: «Иджырей щIалэгъуалэм ... - емыкIу жьхуэпIэр бжэгъукIэ къраудми ящIэркъым». **23**. « ... зэшIщ» - Къардэнгъущ Зырамыку игъэзащIэ уэрэдыжь. Е шахматымкIэ Къзбэрдей-Балъкъэрым и чемпион 30-м щIигъукIэ хьуа адыгэлI. **24**. ХьэкIэкхъэкIэ шынагъуэ. **26**. Къурш лъэныкъуэмкIэ кIурику жьы щIыIэтыIэ. **29**. ШыхъуэI, IэхъуэI, джэдыхъуэ, ... **32**. Хамэ къэрал щыпсэу адыгэ режиссёр, хьэрычэтыщIэ, Къзбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **35**. Диным щыхуэрагъаджэу щыта школ. **36**. Пасэрей зауэлI джанэ. **37**. Курыт Азием хиубыдэ къэралхэм я пащтыхьхэм зэреджэу щыта щIэ.

Къехьу: **1**. ЧнтIым нэгъуэщIу зэреджэр. **2**. Урыссхэм къакIэлъыкIуэу ди къэралым щыпсэу ныкъ лъэпкъышхуэ дыдэр. **3**. Гъэ къакIуэ щIышылэм и 20-м щыщIэдзауэ ар США-м и президенту лэжьэнущ. **4**. Сосрыкъуэ бзаджэгъэкIэ хигъэщIа и ныкъуэкъуэгъу. **6**. Зи сэмбым жылэ фIыцIэ хъурей цIыкIухэр бжьыхьэм ирищIэ къэкIыгъэ: еIуящIэхэм афирян я къыхах, дохутырхэм - хущхъуэ. **7**. ТхылъымпIэ, гъущI хуэдэхэр зэрыхэкIыжыр кIэрагъапщIэ. **8**. Машинэ зэжьэхэуэм ... хахащ рулыр зыIыгъахэм. **14**. Къру лъэпкъым щыщ губгъуэ джэдкъаз пIащэ. **15**. ... хиса жыгыр мэгъу. **17**. ЦIыху акъыл псынщIэ, емыгупсыс Iуэхум хэльадэ. **18**. Адэмрэ и куиитIымрэ: щыри физикщ, щыри щIэныгъэхэм я докторщ. **19**. Псэхэлъхьэж. **25**. КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIэ къэрал къулей цIыкIу: Хьэрыпэ ... Зогуэтхэр. **27**. ЛIы и ... вы и гъуррэ. **28**. Мэкъу пыупщIа сатыр. **30**. Нэмрэм щыIэ щIыпсым зэлъагъэ. **31**. ЩIыпIэ хуабэхэм къраш пхъэщхьэмыщхьэ. **33**. ФIэгъэнапIэ зиIэ бжэгъу кIыхь, къурыкъу. **34**. ЖьэгУ натIэм хэщIыхьа тегъэувапIэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Дыгъэгъазэм и 3-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **5**. Къззэр. **6**. Дыжьын. **9**. Фэдэн. **10**. Къан. **12**. Назир. **15**. Нартан. **16**. Лондон. **17**. Сын. **18**. Жьэмей. **20**. Пкъо. **23**. Къыр. **24**. Пхъы. **25**. Вэгъу. **28**. Хьэх. **29**. Пхъэпс. **31**. Уае. **32**. Аргъынэ. **34**. Нартыху. **35**. Дудакъ. **37**. Нал. **39**. ЛъабзэI. **40**. Шэрэдж. **41**. Пэгъунэ.

Къехьу: **1**. Азэн. **2**. Арыкъ. **3**. Къудан. **4**. Бжьын. **7**. Мэхъуапсэ. **8**. Тихонов. **11**. Алъп. **13**. Иныжь. **14**. Кулей. **19**. Махъшэ. **21**. Къру. **22**. Iувщ. **26**. ШIхьэрыуэ. **27**. Бемырзэ. **29**. Пшэр. **30**. Санэ. **33**. Уфа. **36**. Къарэ. **37**. Ныджэ. **38**. Лупэ. **39**. ЛъагъуэI.

Нуру уогъаблэ си уафэр,
ЩIыгъуу гъуэгуанэ утетщ.

Ежьу

Сыпсэумэ пэIэщIэу унэм,
Силъ уи лъэпагъым къысфIощI.
Уи жьыгъэ дахэм, си нанэ,
IэплIэ гумащIэу хуэощI.

Ежьу

Уэ гуапэу Iэ къыздэплъамэ,
Нэхъ фIыгъуи сэ сыхуэмей.
Си гъащIэм и дыщэ дамэ,
Куэдрэ схуэпсэу, си дуней.

Ежьу

МазэщIэ бзыгъэм дыщафэу
Къищу солъагъу уи сурэт.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ игъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кIуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ IапIэхэм ядэлэжьныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хутыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елажьхэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *редактору* **ТекIужь Зэретэ**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытIыкI Аэзмэт** *(3, 4-нэ нап.), КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елажьар* **Бищу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.414 ● Заказ №1852